

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Ngaran mangrupa hal anu kacida penting pikeun dipimilik ku sakumna hal anu aya di alam dunya. Sakumaha anu dijéntrékeun ku Rais dina bukuna anu dijudulan *Toponimi Indonesia* (2008:1) “Nalika manusa gumelar ka alam dunya aya dua atribut anu nyantél dina dirina, nya éta ngaran diri (antroponim) jeung tempat gumelar (toponim)”. Éta atribut bakal terus napel dina diri manusa saumur hirupna, malah nepi ka liang kubur gé ngaran jeung tempat gumelar manusa bakal ditulis dina padungna.

Nurutkeun Kadmon (Rais, 2008:1) “Hiji jalma bisa kaleungitan harta bandana tapi moal bisa kaleungitan ngaranna”. Komo upama éta jalma miboga jasa pikeun nagara jeung bangsana atawa miboga jasa keur umat manusa atawa élmu pangaweruh jeung kabudayaan, ngaranna bisa dicatet kana sajarah jeung diinget salawasna. Malah aya jalma anu miboga jasa, ngaranna dijadikeun ngaran jalan, wangunan, atawa ngaran hiji hal, pikeun pangéling-éling kana jasa-jasana, saperti Jalan Wastu Kencana, Jalan Muh.Toha, Jalan Ir. H. Juanda.

Manusa salawasna méré ngaran kana rupa-rupa hal anu aya di sabudeureunana, kayaning sato, tutuwuhan, wangunan, jalan, tempat, jeung hal lianna boh nu katingali boh nu teu katingali. Dina prosés méré ngaran pasti aya ékspéktasi atawa harepan tina ngaran anu dibikeun, saperti; ngaran Sukamaju, Nanjungjaya. Tapi aya ogé anu méré ngaran téh teu asup akal malah ahéng kadéngéna saperti; Sukamérang, Basari, Waluran. Lian ti éta pasti aya hal-hal anu mangaruhan kana prosés méré ngaran, boh dumasar kana topografi sajarah boh dumasar kapercayaan atawa budaya.

Sacara paélmuan nataan ngaran-ngaran tempat téh ilaharna sok disebut toponimi. Upama ditilik tina jihat étimologis toponimi asal kecapna nya éta tina *topo* anu hartina tempat jeung kecap *nimi* anu hartina ngaran. Jadi sacara étimologis toponimi téh ngandung harti panataan ngaran-ngaran patempatan (Kosasih, 2010:10).

Kosasih ogé nétélakeun yén numutkeun kajian folklor, toponimi téh séké sélérna tina élmu onomastika anu ulikanna ngawengku, di antarana waé; méré ngaran jalan, ngaran jalma, ngaran kadaharan, kaasup ngaran hiji tempat dumasar kana sajarah ngajanggélékna (*Ngaguar Toponimi Masarakat Sunda*, Agustus 2010). Toponimi ngawengku sababaraha aspék nya éta; aspék fisik, aspék sosial, jeung aspék kultural. Toponimi téh raket patalina jeung sajarah asal-usul ngaran tempat atawa folklor (kabudayaan). Saperti ngaran Garut anu asalna tina kecap *kakarut* ngan diturutan ku utusan ti Éropa jadi *gagarut*, anu antukna dijadikeun ngaran éta lembur (Supriatna, 2009:131).

Umumna sajarah ngaran-ngaran patempatan sumebar sacara lisan, sedengkeun pikeun meunangkeun data gumantung pisan ka narasumber, éta hal jadi bangbaluh utama nalika nalungtik ngeunaan toponimi. Sabab teu unggal masarakat di hiji daérah apal ngeunaan asal-usul ngaran daérahna, atawa dina aya nu apal gé pasti aya sababaraha data anu robah atawa leungit. Toponimi téh kaasup kana kajian folklor dimana salah sahiji cirina sumebar sacara lisan éta hal ngabaluarkeun data anu sumebar di masarakat nambahan atawa ngurangan.

Upamana waé asal-usul ngaran daérah Kurnia nu aya di Kacamatan Kersamanah Kabupatén Garut, numutkeun *Kamus Basa Sunda* karya Danadibrata (2006:378) kecap *Kurnia* téh asalna tina bahasa Sansakerta anu miboga harti *ganjaran*, atawa sok disebut karunia. Tapi dumasar kana data ti masarakat, aya dua pamadegan anu béda ngeunaan asal-usul ngaran Kurnia, nu hiji ngajéntrékeun yén Kurnia téh mangrupa singgetan tina ‘Kuring niat amal’, sedengkeun nu hiji deui ngajéntrékeun yén Kurnia téh singgetan tina ‘Kuring rayat niat aman’. Ku kituna perlu aya panalungtikan anu leuwih jero sabab upama teu buru-buru ditalungtik bisi engkéna masarakat atawa para nonoman bakal poékeun atawa pareumeun obor.

Kacamatan Kersamanah mangrupa salah sahiji tina 42 kacamatan anu aya di wilayah Garut. Kacamatan Kersamanah miboga 5 désa/kelurahan, nya éta: Désa Kersamanah, Désa Girijaya, Désa Nanjungjaya, Désa Sukamaju, jeung Désa Sukamérang.

Ieu data-data hasil panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan khasanah kabudayaan, utamana pikeun *inventarisasi* sabab upama teu buru-buru ditalungtik bisi kaburu leungit.

Geus loba panalungtikan anu medar ngeunaan toponimi di sababaraha daérah, boh anu nilik kana aspék fisik, aspék sosial, aspék kultural boh sacara adegan kecapna. Aya anu nalungtik sacara kabudayaan murni, aya ogé anu dipatalikeun jeung bahan pangajaran. Panalungtikan ngeunaan toponimi dina wangun skripsi di antarana:

1. Susi Sunarti (2006) *Adegan Kecap Dina Toponimi Kampung di Kecamatan Cihurip Kabupatén Garut Pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP*
2. Agung Priyaguna (2008) *Sistem Méré Ngaran Tempat (Toponimi) di Kota Sukabumi.*
3. Hidayat Kusdinar (2011) *Istilah Patempatan Dumasar Toponimi di Kecamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat.*
4. M.Fahmi Adi Nugraha (2012) *Toponimi Wilayah Kecamatan Darangdan Kabupatén Purwakarta Dumasar Aspék Mitologi pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun Dongéng di Kelas XII SMA.*
5. Sigit Mughni Prasetya (2012) *Ngaran-Ngaran Patempatan (Toponimi) di Kecamatan Cileunyi Kabupatén Bandung pikeun Bahan Pangajaran Ngadongéng di SMA*

Dina ieu skripsi dipedar ngeunaan ngaran-ngaran patempatan dumasar kana carita rayat, sarta dipedar ogé hartina sacara léksikal. Sabab loba ngaran-ngaran anu geus dipedar hartina sacara léksikal tapi sanggeus ditanyakeun ka narasumber hartina béda jeung anu dimaksud. Ku kituna panataan ngaran-ngaran patempatan dumasar kana carita nu aya di masarakat daérah Kacamatan Kersamanah kudu buru-buru ditalungtik, sabab data-data nu aya di masarakat bisi kaburu leungit, anu antukna para nonoman bakal pareumeun obor.

Panalungtikan ngeunaan kajian toponimi di daérah Garut anu didasarkeun kana carita rakyat kaitung masih kurang, hususna di daérah Kersamanah can aya nu nalungtik. Ku kituna perlu diayakeun panalungtikan dina wangun skripsi sangkan kapanggih aspék-aspék nu mangaruhan kana toponimi di daérah

Kacamatan Kersamanah. Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan téh dijudulan “Kajian Toponimi di Wilayah Kacamatan Kersamanah Kabupatén Garut Dumasar kana Carita Rayat.”

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Sangkan ieu panalungtikan teu lega teuing ambahanana, ku kituna masalah anu dipedar museur dina sabudeureun folklor ngaran patempatan (toponimi) di Kacamatan Kersamanah Kabupatén Garut.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha asal-usul ngaran kampung nu aya di sabudeureun Kacamatan Kersamanah?
- 2) Aya sabaraha carita rayat anu kapanggih di Kacamatan Kersamanah?
- 3) Kumaha pola anu dipaké dina sistem méré ngaran kampung di Kacamatan Kersamanah?
- 4) Aspék-aspek naon waé anu mangaruhan kana sistem méré ngaran kampung di Kacamatan Kersamanah

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun medar toponimi ngaran-ngaran kampung anu aya di Kacamatan Kersamanah.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Asal-usul ngaran kampung nu aya di sabudeureun Kacamatan Kersamanah.
- 2) Carita rayat anu kapanggih di Kacamatan Kersamanah.
- 3) Analisis ngaran-ngaran kampung di Kacamatan Kersamanah.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban kabudayaan, hususna budaya lisan ngeunaan ngaran-ngaran tempat (toponimi) nu aya di Kacamatan Kersamanah.

1.4.2. Mangpaat Praktis

Sacara praktis, dipiharep ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh ngeunaan ngaran-ngaran tempat (toponimi) lamun disawang tina aspék légenda jeung aspék topografi sarta kapercayaan. Sarta bisa méré gambaran hususna ka masarakat satempat di Kacamatan Kersamanah.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika pikeun skripsi anu judulna “Kajian Toponimi di Wilayah Kacamatan Kersamanah Kabupatén Garut Dumasar kana Carita Rayat.” ngawengku lima bab.

1) Bab I Bubuka

Dina bab kahiji masalah anu dipedar nya éta ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

2) Bab II Dasar Téori

Dina bab kadua ngabahas ngeunaan kabudayaan, folklor, jeung toponimi

3) Bab III Méthode Panalungtikan

Bab anu katilu ngabahas ngeunaan méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan, nu ngawengku lokasi jeung sumber data, desain panalungtikan, méthode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data jeung analisis data.

4) Bab IV Toponimi di Wilayah Kacamatan Kersamanah Kabupatén Garut

Dina bab kaopat eusina ngadéskripsikeun data jeung hasil analisis dumasar kana aspék-aspék jeung pola toponimi.

5) Bab V Panutup

Anu pamungkas bab lima nya éta panutup anu ngawengku kacindekan jeung saran anu mangrupa panutup skripsi.

